

# 4 novanm

**Nan tout sikonstans mande Bondye tout sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou sonje di Li mèsi tou lè nap lapriyè.** Filipyen 4. 6

**Mwen vle pou moun kap viv pou Bondye toupatou yo sou latè ka leve men yo anlè devan L pou yo lapriyè san yo pa nan fè kòlè ni chache kont ak pèsonn.**

1 Timote 2. 8

**Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa.** Jak 5. 16

## **Mouri ajenou**

David Livingstone, se te yon gran eksploratè e misyonè nan 19èm syèk la. Li te mouri yon fason ekstrawòdinè. Nan dènye vwayaj li nan kontinan Afrik la. Yon jou maten, li te rete anba tant li, pandan lòt moun ki te avèk li yo t ap mare pakèt yo pou yo soti nan kan kote yo te ye a. Moun ki te avèk li yo pa t vle deranje li pandan li t ap priye : “li t ap pale ak Bondye li”, jan li te gen abitud di sa. Men, li te pran plis tan li pa t konn pran jou sa, Lidè ki te responsab moun ki t ap soti yo, te oblije ale gade ak anpil krent pou li ta jwenn Livingstone ajenou ankò nan priyè, 2 men li te piye atè a pandan li te sou jenou li. kè li pa t bat ankò.

Livingstone te mouri pandan li t ap priye, paske li te fè eksperyans pouvwa lapriyè genyen pandan tout peryòd eksplostasyon ak pakou misyonè li yo, ak zeprèv, traka peripesi li te konn rankontre nan ministè li. Gras ak lapriyè, li te konn jwenn fòs, sekou ak pwoteksyon li te toujou bezwen. Pandan lè li te rive pou li te mouri, nan menm lè sa a, li t ap priye.

Bondye te pèmèt li kite tè a an pè, san krent, ni batay, sa te vrèman etone moun ki te avèk li yo : yo te fè eksperyans moun ki jis la, li toujou gen konfyans nan Bondye menm lè li devan lanmò (Pwovèb 14. 32).

Menm nan moman ki pi difisil yo, lapriyè se yon sous ki nesèse pou kretyen an. Nou pa dwe neglije moman sa yo, kote nou sèl ak Bondye pou n renouvle fòs nou e lavi nanm nou.

# 4 novembre

**En toute circonstance, exposez vos requêtes à Dieu par la prière et la supplication avec des actions de grâces.**

Philippiens 4. 6

**Je veux donc que les hommes prient en tout lieu, élevant des mains saintes, sans colère et sans raisonnement.**

1 Timothée 2. 8

**La fervente supplication du juste peut beaucoup.**

Jacques 5. 16

## **Mort à genoux**

David Livingstone, le grand explorateur et missionnaire du 19<sup>e</sup> siècle, a achevé sa vie d'une manière extraordinaire. Au cours de son dernier voyage d'exploration en Afrique, il était resté un matin dans sa tente, tandis que ceux qui l'accompagnaient s'activaient pour emballer les affaires et préparer le départ du bivouac. Ces derniers ne voulaient pas le déranger pendant qu'il était en prière : "il parlait avec son Dieu", comme il avait coutume de le dire. Mais l'attente se prolongeant beaucoup plus que d'habitude, le chef de la colonne prit sur lui de regarder, puis inquiet, d'entrer dans la tente pour découvrir Livingstone encore à genoux, les mains sur le sol. Son cœur avait cessé de battre.

Il avait appris, tout au long des épreuves, des périls et des fatigues de sa vie d'explorateur, la puissance de la prière. Il avait trouvé, par ce moyen, le secours, la protection et des forces renouvelées. Et à cette heure suprême de la mort, c'était aussi vers Dieu qu'il s'était tourné.

Un départ paisible, sans crainte ni combat, lui a été accordé, ce qui a fait sur ses compagnons une profonde impression : ils ont pu voir que "le juste est plein de confiance, dans sa mort même" (Proverbes 14. 32).

Il n'est pas indispensable de vivre une vie aussi périlleuse pour faire l'expérience des ressources de la prière. Ne négligeons pas ces moments, seuls avec Dieu, ils sont nécessaires pour le renouvellement de nos forces et la vie de notre âme.